



CHA

Cambridge Health Alliance

Lalwa pa vle Diskriminasyon

Cambridge Health Alliance (CHA) konfòme li ak dwa sivil aplikab yo e li pa driskimine, eskli moun oswa trete yo sou baz ras, koulè, peyi kote yo soti laj, andikap, oswa sèks (tankou karakteristik seksyèl, tankou gwosès oswa kondisyon ki gen rapò ak sa; oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, oswa estereyotip seksyèl).

Dapre lwa sa yo, CHA pral fè yon seri aranjman rezonab pou limit mantal ak fizik moun ki gen andikap li konnen nan sousi pou li bay yon opòtinite egal pou patisipe nan pwogram, sèvis ak aktivite CHA ki disponib pou piblik la.

CHA bay moun ki gen andikap yo chanjman rezonab ak èd oksilyè apwopriye gratis ak sèvis pou kominike avèk efikasite, tankou:

- Entèprèt lang siy ki kalifye
- Enfòmasyon alekri nan lòt fòm (gwo enprimri, odyo, fòm elektwonik aksesib, lòt fòm).

CHA bay sèvis asistans nan lang gratis pou moun ki gen lang matènèl yo ki pa anglè, tankou:

- Entèprèt kalifye
- Enfòmasyon ekri nan lòt lang

Si ou bezwen chanjman rezonab, èd oksilyè apwopriye ak sèvis, oswa sèvis asistans nan lang, kontakte Sant Swen CHA w la dirèk pou w kominike bezwen w yo ak preferans ou yo.

Pou w depoze yon Plent oswa Doleyans

Si ou swete depoze plent oswa doleyans ki gen rapò ak andikap nan CHA, ou kapab depoze yon rapò konfidansyèl nan fason sa a:

- Rele (617) 665-1398 (vokal) oswa faks (617) 591-4490
- Itilize fòm wèb sekirize nou an sou www.challiance.org/contact
- Ekri nou nan:
Cambridge Health Alliance
1493 Cambridge Street, Cambridge, MA 01239
Attn: Patient Relations

CHA ap suiv pwosesis entèn nou an pou li jere plent yo ak doleyans yo epi kontakte ou pou jwenn plis enfòmasyon sou enkyetid ou yo. CHA pral ankete sou enkyetid ou yo epi l ap reponn ou alekri apre nou fin fè analiz nou.

Ou kapab depoze yon plent pou vyolasyon dwa sivil ou tou nan Biwo Dwa Sivil [Office for Civil Rights] ki nan Ministè Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken an [U.S. Department of Health and Human Services] sou entènèt la sou sit Office for Civil Rights la nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa lapòs oswa nan telefòn, nan:

Ministè Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken (U.S. Department of Health and Human Services)

200 Independence Avenue, SW

Room 509F, HHH Building

Washington, D.C. 20201

1-800-368-1019, 800-537-7697 (TTY)

Fòmilè plent yo disponib nan <http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.

Enfòmasyon Adisyonèl

CHA p ap riposte kont okenn endividi ki te depoze yon plent oswa yon doleyans konsènan yon vyolasyon Seksyon 1557, ADA a oswa Seksyon 504.

Pou plis enfòmasyon sou konfòmite CHA avèk Seksyon 1557, ADA a oswa Seksyon 504, kontakte Kowòdonatè Aksesibilite CHA a sou imèl AccessibilityCoordinator@challiance.org oswa rele (617) 665-1001.